



Pou Piblikasyon Imedya: 29/3/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANKOURAJE NOUYÒKÈ YO POU PATISIPE NAN JOUNEN
JESYON RENMEN TÈ NEW YORK NOU YO**

Patisipan yo pral selebre tèren piblik New York yo lè yo sèvi kòm volontè nan evènman netwayaj ak jerans atravè eta a

Evènman yo enkli Netwayaj Radikal Kanal soti 19-21 avril ak I Love My Park Day nan dat 4 me

Efò yo an akò ak anons 2024 Eta Gouvènè Hochul la pou plante 25 milyon pye bwa atravè Eta New York anvan 2033

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ajans ak patnè Eta New York yo pral selebre yon seri jounen jesyon pou ede amelyore pak, sit istorik ak tè piblik yo. Pwojè sèvis pandan kat evènman ki te fèt pandan tout ane a pral ogmante konsyantizasyon ak vizibilite sou anpil byen lwazi deyò eta a ak bezwen yo pandan Jounen Jesyon Renmen Tè New York Nou Yo (Love Our New York Lands Stewardship Days).

"Ak yon kantite rekò Nouyòkè ak vizitè k ap pwofite opòtinite lwazi deyò klas mondyal eta nou an gen pou ofri, nou gen responsablite pou n prezève bote san parèy espas deyò New York yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen envite tout Nouyòkè yo pou yo montre nan ki nivo yo renmen tè Nouyòk nou yo epi pou yo patisipe nan opòtinite jesyon sa yo pou sipòte eritaj anviwònmantal ak kiltirèl tè eta nou yo."

Pou ankouraje jesyon pandan tout ane a, objektif Renmen Tè New York Nou Yo se ede pwoteje resous natirèl eta yo nan bay vizitè yo konesans ki nesèsè pou diminye enpak yo, angaje itilizatè yo pou yo pratike lwazi dirab ki an sekirite epi ede tout vizitè yo santi yo akeyi pandan y ap vizite tè eta yo. Efò sa yo pou amelyore tè piblik New York yo an akò ak plan Gouvènè Hochul la pou plante 25 milyon pye bwa atravè Eta New York disi 2033, ki [te anonse](#) pandan Diskou Eta Leta 2024 li a.

An patenarya ak Parks & Trails New York (Pak & Santye New York), Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation, and Historic Preservation, OPRHP) Eta New York, New York State Canal Corporation (Sosyete Kanal Eta New York) ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) pral sipòte opòtinite volontè nan tout eta a ki kòmanse avèk Netwayaj Radikal

Kanal (Canal Clean Sweep) apati 19-21 avril. Evènman ki vin apre yo enkli I Love My Park Day (Jounen Mwen Renmen Pak Mwen an) nan dat 4 me, Jounen Pak Adirondack ak Catskill nan dat 7 septanm ak Jounen Lapèch ak Bèt Sovaj nan dat 28 septanm.

Enskripsyon yo ouvri kounye a pou 19èm Netwayaj Radikal Kanal anyèl la nan dat 19-21 avril. Evènman netwayaj anyèl la fèt atravè Sistèm Kanal Eta New York la ak Canalway Trail ak plis pase 170 evènman volontè pou chwazi pami yo. Vizite www.ptny.org/canalsweep pou enskri pou evènman ou ta renmen asiste a. Asire w sonje dat ak lè a paske pifò evènman yo ap rive nan wikenn 19-21 avril la.

13èm I Love My Park Day anyèl la ap dewoule 4 me ak enskripsyon k ap ouvèti 3 avril. Sa a se pi gwo evènman volontè nan tout eta a ki amelyore tè piblik nou yo, ak volontè k ap patisipe nan netwaye debri, plante pye bwa ak jaden, restore santye ak abita bèt sovaj, retire espès anvayisan ak travay sou plizyè pwojè amelyorasyon sit. Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan <https://www.ptny.org/ilovemypark>.

Nouvo opòtinite evènman pral disponib ak Jounen Pak Adirondack & Catskill la nan dat 7 septanm ak Jounen Lapèch & Bèt Sovaj nan dat 28 septanm. Evènman sa yo pral mete aksan sou tè inik Konsèy Forè yo ke yo jwenn nan Eta New York epi amelyore konsèvasyon bèt sovaj ak rekreyasyon ki asosye ak bèt sovaj. Plis enfòmasyon pral disponib nan <https://www.ptny.org/lovenylands>.

Jounen jesyon Renmen Tè New York Nou Yo vini pandan Eta New York ap kontinye selebre 100èm anivèsè sistèm Pak Eta a. Inisyativ selebrasyon yo gen ladan '[Blazing A Trail](#)' (Ouvri Yon Wout), yon kwonoloji entèaktif ki relate istwa ajans lan ak pèsonaj enfliyan yo; [yon ekspozisyon](#) nan Tinèl State Street Kapitòl Eta New York la ki kounye a vizib; [pwojè Pataje Istwa W la](#) (Share Your Story), ki envite moun rakonte pwòp istwa pa yo ki gen rapò ak Pak ak Sit yo; [Defi Santènè](#) a, ki ankouraje moun pou genyen prim lè yo patisipe nan divès aktivite nan pak ak sit yo; ak piblikasyon [machandiz Koleksyon Santènè](#), ki gen ladann mayo, djakèt, tas ak plis ankò. Gen lòt inisyativ yo pral anonse pandan 2024.

Direktè Ekzekitif Parks & Trails New York la, Paul Steely White, te deklare, "Gras a lidèchip ekstrawòdinè ak investisman nan dènye ane yo, Nouyòkè yo vin anbrase tè piblik pa yo! Sans apantans fò sa a se asireman yon bagay yo dwe selebre, epi kounye a – ak bèl seri evènman volontè sa a - li elaji ak ankouraje. Gwo ekspozisyon piblik nan swen se endikatè ki pi fyab ke pak ak rezèv nou renmen anpil yo ap fè jan yo ta dwe."

Komisè Enterimè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik nan Eta New York la, Randy Simons, te deklare, "Mèsi patnè nou yo nan Parks & Trails New York paske yo te òganize epi kontinye elaji opòtinite pou bay an retou ak ankouraje yon jesyon responsab. Volontè nou yo enpòtan anpil pou fè sistèm pak eta nou an vin pi bon nan nasyon an epi nou pa ka tann pounou akeyi volontè pou evènman sa yo epi enspire pwochen jenerasyon vizitè yo pou ede kenbe ak prezève tè piblik etonan nou yo."

Direktè Sosyete Kana Eta New York State la, Brian U. Stratton, te deklare, "Nou kontan anpil pou nou gen lansman 19èm Netwayaj Radikal Kanal anyèl la nan kad Jounen Jesyon Renmen Tè New York Nou Yo ane sa a. Chak prentan, plizyè santèn volontè reyini ansanm nan plizyè evènman Netwayaj Radikal Kanal pou asire ke Canalway Trail la renove epi pare pou akeyi plizyè milyon amatè lwazi ki pral vizite nan mwa k ap vini yo. Pandan n ap prepare pou kòmansman 200èm sezon navigasyon konsekitif nou an mwa me sa a ak Bisantnè Kanal Erie a an 2025, Netwayaj Radikal Kanal la se yon egzanp angajman nou pou nou vin bon jeran anviwònmanal pou jenerasyon k ap vini yo ka jwi gwo resous sa a."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare, "Nouvo vizitè ak vizitè ki retounen nan tè New York yo ap ede ogmante apresyasyon piblik la pou byen anviwònmanal ak lwazi Eta a. Kanpay Renmen Tè New York Nou Yo kontinye ankouraje lwazi ak evènman ki an sekirite ak responsab ak Parks & Trails New York ak patnè ajans Eta nou yo epi ranfòse efò nou yo pou pwoteje tè ak sit Eta a nan ankouraje vizitè yo pou yo planifye davans, vizite yon fason responsab, epi pratike prensip Pa Kite Tras (Leave No Trace) yo pou prezève tè piblik yo pou jenerasyon k ap vini yo."

Konsènan Parks & Trails New York

Pak ak Santye New York se defansè lidè nan tout Eta New York pou pak ak santye yo, ki dedye depi 1985 pou amelyore sante, ekonomi, ak kalite lavi atravè itilizasyon ak apresyasyon espas vè pou tout moun. Avèk plizyè milye manm ak sipòtè atravè eta a, PTNY se yon vwa prnsipal nan pwoteksyon sistèm bèl pak eta New York la ak kreyasyon ak pwomosyon plis pase 2,412 km wout vèt, chemen pou bisiklèt, pwomnad bò rivyè ak santye. [Isit la ou ka jwenn](#) plis enfòmasyon.

Konsènan Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) nan Eta New York

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la sipèvizè plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, teren gòlf, anbakasyon bato ak plis ankò, ki te wè yon kantite rekò 84 milyon vizitè an 2023. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite parks.ny.gov, telechaje [aplikasyon NY State Parks Explorer](#) la gratis oswa rele nan 518.474.0456. Rejwenn nou pou selebre Santenè nou pandan tout ane 2024 la, epi konekte avèk nou sou [Facebook](#), [Instagram](#), [X](#) (anvan li te rele Twitter), ak [Blòg OPRHP la](#).

Konsènan Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la jere senk milyon ekta piblik, ki gen ladan twa milyon ekta nan rezèv forè Adirondack ak Catskill yo, plis pase 55 tèren kan ak espas yo itilize lajounen, plis pase 8,047 kilomèt santye fòmèl, ak plizyè santèn pwen depa santye, anbakasyon bato, ak apontman pou lapèch yo. Planifye pwochen [avanti andeyò](#) ou epi konekte avèk nou sou [Facebook](#), [X](#) (anvan li te rele [Twitter](#)), [Flickr](#) ak [Instagram](#).

Konsènan Sistèm Kanal Eta New York la

Sistèm Kanal New York la gen ladan kat kanal istorik: Erie, Champlain, Oswego, ak Cayuga – Seneca. Vwa navigab sa a kouri 843 kilomèt nan longè epi li relye rivyè Hudson lan ak Lak Siperyè yo, lak Finger Lakes yo ak Lak Champlain an. Kanal yo fòme kolòn vètebral Koridò Patrimwan Nasyonal Canalway Erie a epi konekte plizyè santèn kominote inik. Sosyete Kanal Eta New York la se yon filyal Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA). Renmen (Like) Canals sou Facebook nan [NYS Canal Corporation](#) epi swiv Canals sou Twitter nan [@NYSCanalCorp](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)